

CHAT KANADYEN SOU DWA AK LIBÈTE

Lè nou konsidere Kanada fonde sou prensip ki rekonèt pouvwa Bondye ak otorite lalwa :

Garanti dwa ak libète

1.Chat kanadyen sou dwa ak libète a garanti dwa ak libète li gen ladan li. Sèl limit li se limit rezonab lalwa rekonèt, jan yo ka pwouve sa nan yon sosyete ki lib e ki demokratik.

Libète Fondamantal

2.Tout moun genyen libète fondamantal ki parèt pi ba yo : a) libète konsyans ak libète pou yo pratike relijyon yo vle; b) libète pou yo panse jan yo vle, libète pou yo kwè nan sa yo vle, libète pou yo bay opinyon yo ak libète pou yo pale, sa gen ladan l libète pou laprès ak pou tout lòt kalite mwayen komunikasyon yo; c) libète pou yo fè reyinyon nan lòd ak lapè ; epi d) libète pou yo kreye asosyasyon.

Dwa demokratik

3.Tout sitwayen Kanada gen dwa pou yo vote epi pou yo kandida nan eleksyon lejislatif federal oubyen pwovensyal. 4. (1) Okenn Chanm Depite, okenn asanble lejislatif pa ka kontinye ap fonksyone pou plis pase senk lane apati dat ki fikse pou eleksyon jeneral yo. (2) Nan ka kote gen lagè, envazyon oswa soulèvman oubyen si yo prevwa posiblite pou gen lagè, envazyon oswa soulèvman, kò lejislatif la oswa Palman an ka otorize asanble lejislatif la oswa chanm depite a pou kontinye fonksyone apre senk lane, sof si gen plis pase yon tyè nan chanm depite a oswa nan asanble lejislatif la ki vote kont pwolongasyon tan an. 5. Palman an ak kò lejislatif la dwe reyini omwen yon fwa chak douz mwa.

Dwa pou moun deplase

6.(1) Tout sitwayen Kanada gen dwa pou yo rantrè Kanada, pou yo rete nan peyi a oubyen pou yo kite peyi a. (2) Tout sitwayen Kanada ak tout etranje ki gen rezidans pèmanan Kanada gen dwa :(a) pou yo deplase epi pou yo al viv nan nenpòt pwovens nan peyi a; epi (b) pou yo chèche pen kotidyen yo nan nenpòt pwovens nan peyi a. (.3) Dwa ki ekri nan paragaf (2) a dwe respekte : (a) tout lwa ak abitud jeneral ki an vigè nan yon pwovens, depi lwa sa yo pa tabli diferans pou moun apati pwovens yo t ap viv la oubyen pwovens kote y ap viv la; epi (b) tout lòt lwa ki gen regleman rezonab sou rezidans kòm ekzijans pou yon moun resevwa sèvis sosyal nan men gouvènman an.(-4) Paragaf (2) ak paragaf (3) nan atik 6 la pa anile okenn lwa, pwogram osnon aktivite ki gen pou objektif amelyore kondisyon moun ki defavorize sosyalman oubyen ekonomikman si pousantaj moun ki gen yon travay nan pwovens lan pi ba pase pousantaj moun ki gen yon travay nan tout peyi a.

Dwa Legal

7.Tout moun nan Kanada gen dwa pou yo gen lavi, libète ak sekirite pèsònèl yo ; pèsonn pa ka retire dwa sa yo, sof nan ka ki gen rapò ak prensip jistis fondamantal yo. 8. Tout moun fèt pou gen pwoteksyon kont foy ak sezi ki pa rezonab. 9. Tout moun gen dwa pou anpeche lòt moun kenbe yo sou siveyans oubyen anprizonnen yo san rezon. 10. Tout moun gen dwa, si y ap arete yo oswa voye yo nan prizon : (a) pou yo enfòmè yo rapidman sou rezon arestasyon an; (b) pou yo konsilte yon avoka san delè epi pou yo jwenn enfòmasyon ki fè yo konnen yo genyen dwa sa a ; epi (c) egzije pou demontre yo byenfonde arestasyon an avèk bonjan prèv legal, epi pou yo libere yo si arestasyon an ilegal. 11. Nenpòt moun yo di ki vyole lalwa gen dwa : (a) pou li konnen san delè anòmàl enfraksyon li komèt la ; (b) pou li pase devan tribinal nan yon tan rezonab ; (c) pou yo pa fòse l temwaye kont pwòp tèt li nan akizasyon yo pote kont li pou yon

zak yo ap repwoche li ; (d) pou yo rekonèt li inosan jouskaske yo jwenn prèv li koupab devan lalwa apre yon seyans piblik nan yon tribinal endepandan epi san paspouki ; (e) pou li gen libète sou kosyon, amwenske ka a ta twò grav pou sa ; (f) pou li benefisye yon jijman devan jiri lè pèn maksimòm pou enfraksyon an se senk an prizon oubyen yon santans ki pi lou, sof nan ka enfraksyon ki gen rapò ak lajistis militè ; (g) pou yo pa deklare li koupab pou yon aksyon oubyen yon omisyon ki pa t yon enfraksyon nan moman li te fè l la, keseswa dapre lalwa kanadyen, lawa entènasyonal oswa prensip jeneral lalwa tout peyi sou latè rekonèt ; (h) yon bò, pou yo pa jije l ankò pou yon enfraksyon yo te deja deklare li inosan, yon lòt bò, pou yo pa jije l ni pini l ankò pou yon zak yo te deja deklare l koupab e yo te deja pini l; epi i) pou l jwenn pinisyon ki pi piti a si pinisyon pou zak li te komèt la chanje pandan tan ki pase ant moman li te komèt zak la ak moman kondanasyon an. 12. Tout moun gen dwa pou yo jwenn pwoteksyon kont tretman oubyen pinisyon ki kriyèl oswa ki depaman ak pinisyon yo abitye bay moun. 13. Lè yon moun fè yon temwayaj, yo pa dwe sèvi ak temwayaj sa a pou yo akize li nan lòt seyans tribinal, amwenske yo ap pousuiv li pou manti oubyen pou prèv kontradiktwa. 14. Yon pati oubyen yon temwen ki pa konprann oubyen ki pa pale lang ki sèvi pandan yon pwosè oubyen ki soud gen dwa gen yon entèprèt.

Dwa pou gen egalite

15.(1) Tout moun egal devan lalwa epi tout moun gen dwa pou yo jwenn menm pwoteksyon ak menm avantaj devan lalwa san diskriminasyon, an patikilye san diskriminasyon ki baze sou ras, nasyonalite, orijin etnik, koulè, relijyon, sèks, laj oubyen enkapasite fizik oswa mantal. (2) Paragraf (1) an pa entèdi okenn lwa , pwogram oubyen aktivite ki genyen wòl pou amelyore kondisyon moun oubyen gwoup moun ki dezavantaje akoz ras yo, nasyonalite yo, orijin etnik yo, koulè yo, relijyon yo, sèks yo, laj yo, enkapasite fizik osnon mantal yo genyen.

Lang ofisyèl yo nan Kanada

16.(1) Angle ak franse se de lang ofisyèl Kanada epi yo genyen menm fòs, menm dwa ak menm privilèj lè yo ap sèvi ak yo nan Palman an ak nan gouvènman Kanada. (2) Angle ak franse se de lang ofisyèl Nouvo Bwonnswik. Yo genyen menm fòs, menm dwa ak menm privilèj lè yo ap sèvi ak yo nan tout enstitisyon kò lejislatif la ak nan gouvènman Nouvo Bwonnswik. (3) Pa gen anyen nan chat sa a ki limite otorite Palman an oubyen otorite yon kò lejislatif nan efò y ap fè pou gen egalite nan plas yo bay lang angle ak lang franse ak nan fason yo sèvi ak de lang sa yo. 16.1 (1) Kominote ki pale angle ak kominote ki pale franse nan Nouvo Bwonnswik yo gen menm fòs, menm dwa ak menm privilèj, sa gen ladan l dwa pou chak kominote lengwistik sa yo gen pwòp enstitisyon ansèyman ak pwòp enstitisyon kiltirèl pa yo paske sa nesesè pou yo konsève epi fè pwomosyon kominote sa yo. (2) Wòl kò lejislatif la ak gouvènman Nouvo Bwonnswik la pou pwoteje epi fè pwomosyon tout lwa, dwa ak privilèj ki nan paragraf (1) an se yon wòl ki konfime. 17. (1) Tout moun gen dwa sèvi ak lang angle oubyen franse nan nenpòt deba ak tout lòt aktivite Palman an. (2) Tout moun gen dwa sèvi ak lang angle oubyen franse nan nenpòt deba ak tout lòt aktivite kò lejislatif Nouvo Bwonnswik la. 18. (1) Tout lwa, rapò rankont, dosye achiv, ak jounal kò Palman an ap gen pou yo enprime epi pibliye nan lang angle ak franse epi vèsyon ki nan chak lang yo gen menm fòs. (2) Tout lwa, rapò rankont, dosye achiv ak jounal kò lejislatif Nouvo Bwonnswik yo ap gen pou yo enprime epi pibliye nan lang angle ak franse epi vèsyon ki nan chak lang yo gen menm fòs. 19. (1) Nenpòt moun ka sèvi ak lang franse oubyen lang angle pou nenpòt kòz oswa pwosedi kote yo ap pase devan tout tribinal Palman an mete sou pye. (2) Nenpòt moun ka sèvi ak lang franse oubyen lang angle pou nenpòt kòz oswa pwosedi kote yo ap pase devan yon tribinal nan Nouvo Bwonnswik. 20. (1) Tout moun ki nan Kanada gen dwa sèvi ak lang angle oubyen lang franse pou kominike ak biwo prensipal oubyen administrasyon santral biwo Palman an oswa gouvènman Kanada oubyen pou yo resevwa sèvis nan men enstitisyon sa yo. Menm dwa sa a valab pou nenpòt lòt biwo enstitisyon sa yo, kote : a) gen anpil moun k ap itilize lang franse oswa lang angle; b) akoz karaktè patikilye biwo a, li vin rezonab pou itilize lang angle ak lang franse. (2) Tout moun nan Nouvo Bwonnswik gen dwa sèvi ak angle oubyen franse pou kominike ak tout biwo kò lejislatif oswa gouvènman Nouvo Bwonnswik la oubyen pou yo resevwa sèvis nan men enstitisyon sa yo. 21. Atik 16 rive nan atik 20 an pa deranje dwa, privilèj ak obligasyon ki

egziste oubyen ki konsève nan lòt dispozisyon nan konstitisyon Kanada a, nan sa ki konsène lang franse a oubyen lang angle a oubyen de lang sa yo ansanm. 22. Pa gen anyen, soti nan atik 16 rive nan atik 20 an, ki deranje dwa oubyen privilèj ki egziste swa anvan, swa apre adopsyon chat sa a, kit dwa ak privilèj sa yo sòti nan lwa oswa nan tradisyon peyi a, pou sa ki konsène lòt lang ki pa ni franse ni angle.

Dwa pou moun ki an minorite yo jwenn edikasyon nan lang pa yo

23.(1) Sityayen Kanada yo a) Ki nan sityasyon kote premye lang yo aprann epi yo toujou kontinye konprann se franse oubyen angle epi ki minorite nan popilasyon pwovens yo ap viv la, osnon b) ki te resevwa edikasyon lekòl primè yo Kanada nan lang angle oubyen franse epi ki ap viv nan yon pwovens kote lang yo resevwa edikasyon lekòl yo se lang popilasyon minorite a, angle oubyen franse, gen dwa pou pitit yo resevwa edikasyon lekòl primè yo ak lekòl segondè yo nan pwòp lang yo anndan pwovens lan. (2) Sitwayen Kanada ki nan sityasyon kote youn nan pitit yo te resevwa oubyen ap resevwa edikasyon lekòl primè yo oubyen lekòl segondè yo nan lang angle oubyen franse nan Kanada, gen dwa pou tout pitit yo resevwa edikasyon lekòl primè ak lekòl segondè nan menm lang sa a. (3) Dwa sitwayen yo nan Kanada nan paragraf (1) ak paragraf (2) ki mande pou pitit yo resevwa edikasyon lekòl primè epi segondè nan lang franse oubyen lang angle nan popilasyon pwovens kote yo minorite a : (a) ap aplike toupatou nan pwovens lan depi kantite pitit sitwayen ki genyen dwa sa a sifi pou jistifye neseste pou yo pran kòb nan kès leta pou founi timoun sa yo edikasyon nan lang minorite a; epi (b) dwa sa a gen ladan l dwa pou timoun ki nan kondisyon lang minorite sa yo genyen pwòp lekòl pa yo leta finanse, depi kantite timoun sa yo jistifye sa.

Lè pou yo sèvi ak Chat Kanadyen sou dwa ak libète a

24. Nenpòt moun ki santi yo meprize oswa yo pase anba pye dwa li oubyen libète li chat sa a garanti a, ka pote plent nan yon tribinal ki ka trete kalite dosye sa a pou li jwenn jistis nan fason tribinal la kwè li neseste nan sikonstans lan. (2) Lè yon tribinal ap jije yon ka ki konsène paragraf (1) an, si tribinal la dekouvri gen prèv pou yo te ka jwenn yo yo te vyole dwa ak libète chat sa a garanti yo, tribinal la p ap sèvi ak prèv sa yo si prèv sa yo ka sal repitasyon administrasyon lajistis la.

Dispozisyon jeneral

25. Garanti chat sa a bay sou kèk dwa ak libète pa elimine dwa premye nasyon Kanada yo te toujou genyen depi lontan, dwa ki soti nan trete, elatriye, tankou : (a) dwa ak libète pwoklamasyon wayal 7 oktòb 1763 a te rekonèt; epi (b) tout lòt dwa ak libète ki egziste sou fòm antant konsènan demann teritwa oubyen ki ka vin genyen nan sans sa a. 26. Garanti dwa ak libète ki nan chat sa a pa elimine okenn lòt dwa ak libète ki egziste nan Kanada. 27. Tout entèpretasyon chat sa a dwe fèt nan objektif pou konsève epi valorize eritay miltikiltirèl tout Kanadyen. 28. Kèlkeswa lòt dispozisyon nou jwenn anndan chat sa a, dwa ak libète li garanti yo aplike menm jan an ni pou fanm ni pou gason. 29. Pa gen anyen nan chat sa a ki retire oubyen ki vyole dwa ki garanti nan konstitisyon Kanada a parapò ak lekòl ki kreye sou baz relijyon ak lekòl separe. 30. Nan chat sa a, tout aranjman ki konsène pwovens yo, kò lejislatif yo, ak asanble lejislatif yo vize tou teritwa Yukon, teritwa Nòdwès yo, oubyen otorite lejislatif teritwa sa yo. 31. Chat sa a pa ogmante pouvwa lejislatif okenn òganis oubyen otorite.

Aplikasyon chat sa a

32.(1) Chat sa a valab pou : (a) Palman ak gouvènman Kanada nan tout domèn ki sou kont Palman an, sa gen ladan l domèn ki konsène teritwa Yukon ak teritwa Nòdwès yo. (b) kò lejislatif ak gouvènman nan chak pwovens, pou tout domèn ki sou responsablite kò lejislatif la. (2) Kòm eksepsyon ak sa ki di nan paragraf (1) an, se sèlman twa lane apre atik sa a fin antre an vigè atik (15) lan ap pran efè. 33. (1) Palman an oswa kò lejislatif yon pwovens ka fè pase yon lwa kote li deklare aklè lwa sa a oubyen youn nan dispozisyon ki anndan li yo gen efè san okenn lyen ak yon dispozisyon ki nan atik 2 oubyen atik 7 jouk rive atik 15 nan chat sa a. (2) Yon lwa oubyen yon dispozisyon ki konsène yon deklarasyon ki respekte atik 33 sa a epi ki an vigè ap gen efè li ta dwe genyen, sof pou aranjman ki an koz nan chat sa a. (3) Deklarasyon ki nan paragraf (1) atik sa a ap sispann gen efè nan dat yo presize ladan li an oubyen, pou

pi ta, senk lane apre li fin antre an vigè. (4) Palman an oubyen kò lejislalif nan yon pwovens ka adopte yon lòt fwa yon deklarasyon ki fèt dapre sa ki ekri nan paragraf (1) atik 33 a. (5) Paragraf (3) a kouvri tout deklarasyon ki fèt dapre sa ki ekri nan paragraf (4) la.

Tit

34. Pati sa a rele : Chat Kanadyen sou dwa ak libète.

“Kounye a, fòk nou tabli prensip fondamantal ki ini nou kòm Kanadyen, yon fason pou, menmsi nou fidèl ak rejyon kote nou soti a, nou pataje yon seri prensip epi nou viv yon fason ki fè nou fyè de peyi sa a ki ban nou anpil libète ak yon kokenn chenn lajwa. ”

P.E. Trudeau 1981

Vèsyon sa a pibliye pou Kanadyen lang manman yo pa ni angle ni franse. Sa a se pa yon tradiksyon ofisyèl nan Konstitisyon Kanadyen Dwa ak Libète. Vèsyon ofisyèl la ta dwe konsilte chak fwa ou gen entansyon entèprete oswa aplike dispozisyon ki nan dokiman an.